

Vil Nouyòk (CITY OF NEW YORK)
BIWRO MAJÒ VIL NEW YORK POU JESYON AVÈK BIDJÈ
BIWRO MAJÒ A
PWOGAM BLOK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (COMMUNITY DEVELOPMENT BLOCK
GRANT PROGRAM)
AVI SOU ALOKASYON PWOVIZWA CDBG POU PLAN KONSOLODE 2025 LA
AVI DISPONIBILITE BIDJÈ PWOVIZWA VIL LA POU ANE FISKAL 2026
PWOGAM BLOK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (COMMUNITY DEVELOPMENT BLOCK
GRANT) – DWA ENTÈGRAL
DESKRIPSYON PWOGAM AK BIDJÈ

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWÒP, AK MOUN:

Modifikasyon nan Pwogram Blok Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant) (CD)
Pwogram Blok Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant) a (CD oswa CDBG) se youn nan kat sibvansyon fòmilè Dwa Entègral vil New York resevwa chak ane nan men Depatman Devlopman Imen avèk Kay Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development) (HUD). Anvan Vil la resevwa lajan sa yo, li dwe mete deyò yon plan pou kòmantè piblik ki esplike kijan li pral itilize sibvansyon Blok Devlopman Kominotè (CDBG) la.

Dapre Seksyon 91.105(b) nan Règleman Plan Konsolide HUD yo, Vil la ap fè piblik la konnen pwogram li pwopoze yo ak alokasyon bidjè pou Plan Konsolide 2025 / Senkantyèm-Premyèm Ane Pwogram Devlopman Kominotè (CD 51). Pwogram avèk alokasyon bidjè yo idantifye nan "Pwogram Devlopman Kominotè pou Ane Fiskal 2026 Vil la Pwopoze a (Proposed City Fiscal Year 2026 Community Development Program)." Dokiman sa a genyen ladan li Bidjè Dwa Entègral Blok Devlopman Kominotè (CDBG) Pwopoze pou Ane Fiskal 2026 Vil la, Bidjè Blok Devlopman Kominotè (CD) Ane 51 Revize Pwopoze a (ki pral enkòpore nan Plan Konsolide Ane Kalandriye 2025 la), avèk Bidjè Pwopoze Blok Devlopman Kominotè (CD) 52 / Ane Kalandriye 2026 la.

Dokiman "Pwogram Devlopman Kominotè pou Ane Fiskal 2026 Vil la Pwopoze a (Proposed City Fiscal Year 2026 Community Development Program)" ap disponib anvan fen jounen 1ye Me 2025 sou sitwèb Plan Konsolide Vil la: www.nyc.gov/consolidatedplan. Tanpri voye nenpòt kòmantè sou bidjè pwopoze a pa imèl bay ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov anvan 11:59 PM, 31 Me 2025.

Vil Nouyòk (CITY OF NEW YORK): Eric Adams, Majò
Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwro Majò a pou Jesyon avèk Bidjè

Dat: 28 Avril 2025